



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 2.9 MILYON DOLA POU EDE  
GOUVÈNMAN LOKAL YO REDUI DEPANS YO**

***Prim atravè pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal la pral finanse  
sèt pwojè atravè eta a pou senplifye operasyon yo ak pwoteje kontribyab yo  
davantaj***

***Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2024 la gen ladan 3.9 milya dola pou Sibvansyon pou  
Efikasite Gouvènman Lokal yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo ap bay 2,884,500 dola nan sibvansyon pou konte ak minisipalite yo atravè eta a pou finanse sèt pwojè ki diminye depans gouvènman an atravè konsolidasyon, sèvis pataje oswa efikasite entèn yo. Kòm yon pati nan pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal (Local Government Efficiency Grant, LGEG) konpetitif anyèl la, senk nan prim yo pral konpanse depans ki asosye ak aplikasyon, pandan de prim ki rete yo pral ede nan planifikasyon pwojè yo. [Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2024 lan ap kontinye bay èd debaz pou gouvènman lokal yo](#), ki gen ladan 3.9 milyon dola pou Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal konpetitif.

"Mwen te sèvi nan gouvènman lokal pou plis pase yon deseni, mwen konnen ke lokalite yo bezwen pou diminye depans yo epi pou yo mete pwojè yo sou liy final la." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral ede senplifye pwojè ak sèvis gouvènman lokal yo - pi byen sèvi Nouyòkè yo lè yo rete lejè ak efikas, pandan y ap kreye plis kominote k ap pwospere atravè eta a pou ane k ap vini yo."

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal nou an se yon zouti itil pou konte ak minisipalite New York ki ap chèche asistans pou jwenn mezi responsab pou ekonomize lajan jiska - ak atravè - liy finan l. Finansman enpòtan sa a pral ede patnè nou yo aplike pwojè kle ki kreye efikasite ak senplifye operasyon yo nan kominote pa yo, an retou sa k ap ekonomize dola kontribyab yo."

Pwogram yo rekonpanse yo gen ladan:

- **Konte Washington - Ekipman Otowout Pataje - 400,000 dola**

Konte Washington ak Vil Fort Ann pral antreprann yon pwojè 10,140,980 dola pou konstwi yon granj avanpò Depatman Travo Piblik pataje pou ranplase de granj konte ak vil adjasan yo. Nouvo etablisman modèn lan pral pèmèt pi bon livrezon sèvis, ekipman pataje ak bilding konsolide ki diminye depans administratif yo.

- **Vil Darien - Tretman Dlo Ize Rejyonal - 600,000 dola**  
Vil la pral konstwi yon nouvo konduit refoulman ak estasyon ponpaj ki pèmèt li dechaje dechè nan Izin Tretman Dlo Konjwen Corfu/Pembroke la. Pwojè 4,781,000 dola pral redwi depans operasyon ak antretyen alontèm pou patnè ki enplike yo.
- **Konte Ontario - Sistèm Jesyon Kontra Elektwonik pou plizyèKonteMinisipalite - 990,000 dola**  
Pwojè 1,100,000 sa a pral tranzisyon 23 antite minisipal an yon sèl sistèm jesyon kontra elektwonik ki baze sou entènèt Mezi senplifikasyon an pral pèmèt kolaborasyon alavni epi li pral bay estadatizasyon pami minisipalite yo, founisè yo ak konpayi asirans yo.
- **Otorite Dlo ak Egou nan Konte Livingston (Livingston County Water and Sewer Authority) - Mentnans Enfrastrikti Pataje - 650,000 dola**  
Otorite Dlo ak Egou nan Konte Livingston lan pral achte kamyon vakyòm lan, k ap rann li disponib pou kominote manm yo ki antre nan yon akò entèminisipal ak otorite yo. Kamyon an pral amelyore operasyon nan sistèm dlo minisipal, egou ak dlo lapli yo.
- **Vil Elma - Konsolidasyon Izin Tretman Dlo Ize Elma Meadows la - 400,000 dola**  
Pwojè sa a se yon efò 5,400,000 dola ant Vil Elma ak Distri Lekòl Santral Iroquois pou mete ajou ak konsolide de izin tretman dlo ize ki egziste deja. Pwojè a gen ladan konstriksyon yon izin konsolide nan lokal ki egziste deja izin tretman dlo ize lekòl segondè a.
- **Vil Leicester - Etid sou Sèvis Ensandi and EMS - 19,500 dola**  
Vil ak Vilaj Leicester pral konplete yon evalyasyon nivo ak kalite sèvis ensandi ak sèvis EMS yo bay kounye a nan kad kontra pa Depatman Ensandi Leicester ak Depatman Ensandi Cuylerville la. Sa pral sipòte yon analiz posibilite altènativ potansyèl pou sèvis yo enkli fizyon de departman ensandi yo ak kreyasyon posib yon distri ensandi konjwen.
- **Distri Lekòl Santral Cazenovia (Cazenovia Central School District), garaj otowout pataje ak enfrastrikti rechaj veyikil elektrik - 25,000 dola**  
Distri Lekòl Santral Cazenovia, Vil Nelson ak Cazenovia ak Vilaj Cazenovia pral antreprann yon etid 50,000 dola pou investige opòtinite pou konsolide enfrastrikti ak resous garaj otobis yo ak otowout yo. Anplis de sa, etid la pral egzamine posibilite enfrastrikti pou rechaj veyikil elektrik pataje.

Yo te chwazi sèt prim yo pami 20 aplikan pou finansman LGEG 2022 a. Aplikasyon yo te soumèt atravè pwosesis Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) eta a epi answit yo te klase dapre divès kritè ki gen ladan, men se pa sa sèlman:

- retou sou envèstisman pou kontribyab yo.
- echèl pwojè a
- dimansyon
- preparasyon minisipal
- angajman piblik
- plan travay
- detay bidjè

Anplis de sa, dapre konsèy LGEG la, aplikasyon yo dwe gen ladan omwen de antite gouvènman lokal ki kalifye

Aplikasyon pou sibvansyon LGEG yo ka tonbe nan de kategori - sibvansyon pou aplikasyon oswa sibvansyon pou planifikasyon. Sibvansyon pou aplikasyon yo ka bay minisipalite yo jiska 200,000 dola pou chak minisipalite ki enplike yo, ak yon maksimòm sibvansyon kimilatif jiska 1,000,000 dola. Pou sibvansyon aplikasyon, kontrepati minimòm lokal la se 10%. Pou sibvansyon pou planifikasyon yo, yo ka akòde prim jiska 12,500 dola pou chak minisipalite k ap patisipe ak depans maksimòm pwojè ki pa depase 100,000 dola. Pou sibvansyon sa yo, kontrepati lokal minimòm obligatwa se 50,000 dola nan depans planifikasyon pwojè yo.

Pwogram sibvansyon LGEG la se jis youn nan pwogram sibvansyon ke Divizyon Sèvis Gouvènman Lokal ki nan Depatman Deta a administre. Divizyon an ap bay asistans teknik ak sibvansyon konpetitif pou gouvènman lokal yo. Pou plis enfòmasyon sou LGEG la oswa nenpòt pwogram Divizyon an administre, tanpri kontakte [localgov@dos.ny.gov](mailto:localgov@dos.ny.gov) oswa rele [518 473-3355](tel:5184733355).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)